



Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo

Mid-State Region

Tabmatyè

| | |
|---|----|
| Mesaj sa a se yon Mesaj ki soti nan Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages) nan Depatman Edikasyon Leta New York..... | 4 |
| Konsèy sou Dènye Aksyon ki gen Rapò ak Imigrasyon..... | 6 |
| Kijan pou Itilize Gid sa a | 8 |
| Anyè Òganizasyon yo | 9 |
| 1. American Civic Association (Binghamton, NY)..... | 9 |
| 2. Broome-Tioga Workforce New York (Binghamton, NY)..... | 9 |
| 3. Catholic Charities of Onondaga County (Syracuse, NY) | 9 |
| 4. Catholic Charities of Tompkins/Tioga – Immigrant Services Program (Ithaca, NY) | 9 |
| 5. Contact Community Services (East Syracuse, NY)..... | 10 |
| 6. The Family and Children's Society (Binghamton, NY) | 10 |
| 7. Hopeprint, Inc. (Syracuse, NY) | 10 |
| 8. Immigrant Refugee Youth Association of Onondaga County (Syracuse, NY)..... | 10 |
| 9. Interfaith Works of Central New York (Syracuse, NY)..... | 11 |
| 10. Legal Services of Central New York (Broome, Cayuga, Chenango, Cortland, Delaware, Herkimer, Jefferson, Lewis, Madison, Oneida, Onondaga, Otsego, ak Oswego, NY) | 11 |
| 11. Literacy Central New York (Syracuse, NY) | 11 |
| 12. Migrant Education Tutorial and Support Services Program (Cortland, NY)..... | 11 |
| 13. Mohawk Valley Latino Association (Utica, NY)..... | 12 |
| 14. Mohawk Valley Resource Center for Refugees (Utica, NY)..... | 12 |
| 15. New American Women's Empowerment (Syracuse, NY)..... | 12 |
| 16. The Newland Center for Adult Learning and Literacy (Syracuse, NY) | 12 |
| 17. North Side Learning Center (Syracuse, NY) | 13 |
| 18. Partners in Learning (Syracuse, NY)..... | 13 |
| 19. Refugee & Immigrant Self-Empowerment (Syracuse, NY) | 13 |
| 20. Refugee Assistance Program (Syracuse, NY) | 13 |
| 21. Rescue Mission of Utica (Utica, NY) | 14 |
| 22. Tompkins County Immigrant Rights Coalition (Ithaca, NY)..... | 14 |
| 23. Toomey Residential and Community Services (Syracuse, NY) | 14 |
| 24. Volunteer Lawyers Project of Onondaga County (Syracuse, NY)..... | 14 |
| 25. Workers' Center of Central New York (Syracuse, NY)..... | 15 |
| Resous Toupatou nan Eta a..... | 16 |
| Òganizasyon Kominotè Toupatou nan Eta a | 17 |
| Remèsiman | 19 |

Objektif dokiman sa a, *Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran* yo se pou sèvi kòm resous pou publik la. Depatman Edikasyon Leta New York (New York State Education Department, NYSED) pa kontwole ni garanti kalite sèvis yo bay nan òganizasyon ki make sou lis la, ni nonplis tou se pa poutèt li fè referans ak yon òganizasyon ki vle di oswa ki siyifye NYSED andose òganizasyon an ak tout sèvis li bay yo.

* Òganizasyon an bay tout moun sèvis, kèlkeswa afilyasyon relije yo.

Mesaj sa a se yon Mesaj ki soti nan Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages) nan Depatman Edikasyon Leta New York.

Lè yon kominote gen paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe yon wòl parantal ki enfòme e ki otonòm se bagay ki kritik pou asire Aprenan Plizyè Lang (Multilingual Learners, MLL yo)/ Aprenan Lang Angle yo (English Language Learners, ELL yo) resevwa bonjan sipò yo bezwen an e pou yo pwospere. Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (OBEWL) nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye ***Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo*** ki bay yon lis òganizasyon ki toupatou nan Leta New York. Chak òganizasyon sa yo ofri yon varyete sèvis. Pami sèvis yo bay yo, gen defans ak angajman kominotè, swen medikal ak asirans, lojman, travay ak anplwa, sèvis legal ak estati legal, asistans piblik, pwoteksyon, ak sèvis pou jenn yo ak edikasyon. Sèvis sa yo ka itil pou paran ak kominote yo.

OBEWL pran angajman pou I sipòte MLL yo/ELL yo ak fanmi yo toupatou nan leta New York. Nou ankouraje paran MLL yo/ELL yo ak ansyen MLL yo/ELL yo pou yo kontakte òganizasyon sa yo lè yo bezwen asistans. Lè fanmi yo jwenn sipò pou sa yo bezwen, timoun yo vin gen yon bon baz ki pèmèt yo vin gen siksè sou plan akademik e sa prepare yo tou pou kolèj ak karyè yo.

Epitou OBEWL pwodui plizyè resous pou paran MLL yo/ELL yo ke ou ka byen twouve ki itil:

- ***Resous pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle***- La a, ou pral jwenn enfòmasyon ki esplike kijan yo idantifye timoun yo antanke MLL; jan de pwogram ki disponib pou MLL yo/ELL yo; kilè elèv yo ka soti nan pwogram MLL/ELL yo ni nan sèvis yo bay yo; ak kijan paran yo ka jwenn enfòmasyon adisyonèl, materyèl ak resous nan lekòl lokal yo.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/english-language-learnermultilingual-learner-parent-resources>
- ***Yon Gid pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle nan Leta New York***- Sa a se yon ti liv ki gen dis paj ki bay deskripsiyon pwogram Edikasyon Bileng ak Angle kòm yon Nouvo Lang; ki gen Kesyon Moun Poze Souvan sou MLL yo/ELL yo; Reyalite sou Bilengwis ak Edikasyon Bileng; lyen ki gen resous pou paran elèv MLL/ELL, ak ti konsèy sou "Patisipasyon Ou nan Edikasyon Pitit Ou." Yo tradui ti liv sa a nan venn-senk lang, ikonpri nan dis lang elèv MLL/ELL yo plis pale lakay yo nan Leta New York yo.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/guide-parents-english-language-learnersmultilingual-learners-new-york-state>
- ***Dwa Paran yo***- Dokiman sa a fè yon rezime sou dwa kritik ki konsène aksè nan edikasyon ak pwogramasyon pou elèv MLL yo/ELL yo ak paran yo. Yo mete rezime sou dwa esansyèl sa yo nan yon fòma ki gen yon paj referans ki byen fasil pou li, epi yo tradui I nan venn-sèt lang.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parents-bill-rights-new-york-states-english-language-learnersmultilingual-learners-ell>

- **Liy Asistans Telefonik pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle-** Yo kreye liy asistans telefonik sa a pou bay paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe wòl paran pou timoun MLL yo/ELL yo, enfòmasyon sou dwa yo ak sou sèvis ki disponib pou pitit yo, konfòmeman ak Règleman Komisyonè 154 (Commissioner's Regulation 154). Epitou li gen yon sistèm ladann pou reponn kesyon byen presi sou fason yo bay sèvis sa yo. **Nimewo telefòn nan:** (800) 469-8224 <https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/ellparenthotline>
- **Gid pou Paran NYSITELL ak NYSESLAT-** Gid sa yo bay yon esplikasyon sou 2 nan tès evalyasyon ki evalye nivo/ konpetans nan lang Angle pou elèv ke Angle se pa lang manman yo oswa se pa lang yo pale lakay yo. Yo tradui gid yo nan venn-de lang.
<http://www.nysesd.gov/bilingual-ed/nysitell-and-nyseslat-parent-guides>
- **Videyo Oryantasyon pou Paran: Pwogram pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York, disponib nan 10 lang-** Videyo ki fèt ak desen anime sou fon blan sa a dekri metòd yo itilize pou idantifye ak evalye MLL/ELL yo; lèfini li dekri an detay plizyè opsyon pwogram ki disponib. Epitou videyo a dekri diferans ki genyen ant pwogram Angle kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language) ak divès modèl pwogram Edikasyon Bileng (Bilingual Education) yo.
<http://www.nysesd.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state>.
Tèks Naratif Videyo a disponib tou nan 9 lòt lang.
<http://www.nysesd.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state>
- **Chimen Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle-** Yon Gid Pou Antre Nan Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York.
<http://www.nysesd.gov/bilingual-ed/roadmap-college>
- Metsouli, chak biwo nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye plizyè resous pou sipòte paran. Pou ka jwenn lis ki gen tout biwo Depatman an, ale nan:
<http://www.nysesd.gov/about/program-offices>

Konsèy sou Dènye Aksyon ki gen Rapò ak Imigrasyon

Depatman Edikasyon Leta New York (NYSED) pran angajman pou I asire I lekòl nou yo rete yon refij kote tout elèv ka aprann an tout sekirite. NYSED ansanm ak Biwo Pwokirè Jeneral nan Leta New York la soumèt konsèy suivan yo pou pwoteje elèv ki se imigran yo.

Enfòmasyon ki konsène kondisyon imigrasyon yo:

- ❖ Selon Lwa sou Edikasyon nan Leta New York la, tout timoun ki gen plis pase senk lane epi mwens pase venteyen lane daj epi ki pako resevwa yon diplòm lekòl segondè gen dwa pou yal nan lekòl publik nan distri lekòl kote yo abite a san yo pa peye frè eskolarite kèlkeswa kondisyon sitwayènte oswa kondisyon imigrasyon yo.
- ❖ Nan ka Plyler v. Doe (Plyler kont Doe), Kou Siprèm Amerikèn nan te deklare ke distri lekòl yo paka refize elèv yon edikasyon publik gratis poutèt yo pa gen papye oswa poutèt yo pa sitwayen ameriken, oswa sou baz estati paran oswa responsab legal yo.
- ❖ Lè enskripsyon yo, lekòl yo pa fèt pou poze kesyon ki ka revele kondisyon imigrasyon yon timoun, sètadi yo pa dwe mande pou yon nimewo Sekirite Sosyal.
- ❖ Konsènan kesyon U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE) poze, ikonpri demann yo soumèt pou rankontre oswa entèvyouve elèv, oswa demann pou aksede dosye elèv yo, anplwaye distri lekòl yo fèt pou konsilte sipè-entandan yo ak avoka ki rezante lekòl yo imedyatman pou konnen si lè yo onore yon tèl demann sa ka lakòz distri a vyole yon lwa aplikabilite jeneral, ki enkli lwa New York Family Court Act (NYFCA) [Lwa pou Tribunal ki Trete Ka Familyal nan New York] ak lwa federal Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) [Lwa sou Dwa Edikasyon Familyal ak sou Pwoteksyon Vi Prive].

Enfòmasyon konsènan diskriminasyon, asèlman ak entimidasyon nan lekòl yo:

- ❖ Lwa Dignity for All Students Act (DASA) [Lwa Diyite pou Tout Elèv] nan Leta New York la te pwomilge nan lane 2012 pou bay elèv yo yon anviwònman san danje e ki ankourajan, san diskriminasyon, san asèlman, ak san entimidasyon anndan enstalasyon lekòl la, nan otobis lekòl epi/oswa nan yon aktivite eskolè, epi yo te amande lwa sa a nan lane 2013 pou li enkli entimidasyon vityèl (pa mwayen elektwonik).
- ❖ NYSED bay distri, paran ak responsab legal yo sipò lè yo gen kesyon konsènan DASA. Ou ka kontakte Depatman an nan:
 - The Office of Bilingual Education and World Languages (Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal) nan (718) 722-2445 oswa nan obewl@nysed.gov.
 - The Office of Student Support Services (Biwo Sèvis Asistans Elèv la) nan (518) 486-6090 oswa nan studentsupportservices@nysed.gov.
 - Si ou bezwen èd ki gen rapò ak lang, kontakte Liy Asistans Telefonik pou Paran nan Language Regional Bilingual Education Resource Network (RBERN) nan (800) 469-8224 oswa ale nan nysparenthotline@nyu.edu.
- ❖ Pou ka gen yon kopi ofisyèl sou komunikasyon ak tradiksyon sa yo, tanpri ale nan: <http://www.nysed.gov/bilingual-ed/information-regarding-recent-immigration-related-actions>.

Konsèy biwo Gouvènè New York la bay:

- ❖ Selon Lòd Egzekitif 170 Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen an, ajans ak fonksyonè Leta New York yo pa gen dwa pou yo poze kesyon oswa revele enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon okenn moun, amwenske lalwa egzije yo fè

I oswa si i nesesè pou detèmine elijibilite pou resevwa yon benefis oswa sèvis. Lòd sa a valab pou ofisyè polis yo tou amwenske yap mennen ankèt sou aktivite kriminèl. Ale la a pou ka li lòd egzekitif la: <https://www.governor.ny.gov/news/governor-cuomo-signs-executive-order-prohibiting-state-agencies-inquiring-about-immigration>.

- ❖ Biwo Gouvènè Leta New York la reyafime sipò l pou imigran yo, lèfini li anonsé lap pran plizyè inisyativ, tankou kreye yon nouvo Inite kont Krim Rayisab nan Lapolis Leta a (State Police Hate Crimes Unit) ki gen pou misyon envestige krim rayisab potansyèl; agrandi Lwa sou Dwa Imen nan New York (New York's Human Rights Law) pou l pwoteje tout elèv toupatou nan leta a; ak fonde Biwo ki jere Fon pou Defans Legal Imigran ak Nouvo Ameriken (Office of New Americans and Immigrant Legal Defense Fund) pou l asire l tout imigran ka jwenn enfòmasyon ak moun ki pou defann yo. Ale la a pou ka wè kominike Gouvènè a: <https://www.ny.gov/programs/we-are-all-immigrants>.

Kijan pou Itilize Gid sa a

Depatman Edikasyon Leta New York kwè toutbon ke edikasyon yon timoun pa fèt nan salklas sèlman, men li fèt tou lakay yo ak nan kominote yo. Nan anyè sa a, gen yon lis òganizasyon kominot ki nan **Mid-State region lan ki ofri diferan sèvis ki ka itil pou imigran New York yo.**

- ❖ Anyè a bay non òganizasyon yo, adrès yo, enfòmasyon pou kontakte yo, yon ti deskripsyon sou sèvis yo ofri yo ak nan ki lang yo bay sèvis sa yo.
- ❖ Yo mete òganizasyon yo pa òd alfabetik.
- ❖ Laplipa sèvis ki sou lis la gratis. Sepandan gen kèk ladan yo ki pa gratis. Toujou konfime pri a ak òganizasyon an anvan menm ou itilize sèvis yo bay yo.
- ❖ Pou ka asire w pwogram yo disponib, yo rekòmande pou rele òganizasyon an davans.

Senbòl fonse ki parèt sou kote chak òganizasyon reprezante sèvis li bay yo.



Defans ak Angajman Kominotè



Swen Medikal ak Asirans



Lojman



Travay ak Anplwa



Sèvis Legal ak Estati Legal



Asistans Piblik



Pwoteksyon



Sèvis pou Jenn ak Edikasyon

Anyè Òganizasyon yo

1. American Civic Association (Binghamton, NY)

Lang: Arab, Angle, Franse, Ris, Panyòl

131 Front St., Binghamton, NY 13905

Telefòn: (607) 723-9419

<https://www.americancivic.com/>

Li ofri kou pou vin sitwayen Ameriken, kou Angle Kòm yon Dezyèm Lang, sèvis pou jwenn travay, sèvis imigrasyon ak sèvis legal, tradiksyon ak entèpretasyon. Epitou li organize aktivite kiltirèl ak pwogram sansibilizasyon kiltirèl.



2. Broome-Tioga Workforce New York (Binghamton, NY)

Lang: Li bay sèvis entèpretasyon nan tout lang

171 Front St. Binghamton, NY 13905

Telefòn: (607) 778-2136

<http://www.broometiogaworks.com/>

Li ede moun kap chèche travay yo gen aksè nan sèvis ki konsène anplwa epi li bay asistans ak rechèch travay ak devlopman karyè, ak sesyon enfòmasyon, fwar travay, li revwa rezime epi li gen lòt resous ankò.



3. Catholic Charities of Onondaga County (Syracuse, NY)

Lang: Angle

1654 W. Onondaga St., Syracuse, NY 13204

Telefòn: (315) 424-1800

<https://www.ccoc.us/>

Li ede moun ki bezwen abri, èd finansyè, lojman, jesyon swen medikal, sèvis pou refijye ak granmoun aje, asistans pou manje, pwogram pou fanmi ak jèn yo, ak fòmasyon pou travay.



4. Catholic Charities of Tompkins/Tioga – Immigrant Services Program (Ithaca, NY)

Lang: Angle

324 W. Buffalo St., Ithaca, NY 14850

Telefòn: (607) 272-5062

<http://www.catholiccharitiestt.org/>

Li bay sèvis sosyal ak yon pwogram espesifik pou refijye ak imigran ki asiste ak relokalizasyon, sèvis imigrasyon legal, referans, devlopman travay, aplikasyon pou asistans piblik, swen medikal ak gadri pou timoun, ak prevansyon kont vyolans domestik.



5. Contact Community Services (East Syracuse, NY)

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan pifò nan lang yo
6311 Court Street Road, East Syracuse, NY 13057

Telefòn: (315) 251-1400

<http://www.contactsyracuse.org/>

Se yon òganizasyon ki sipòte sante sosyal, emosyonèl, konpòtman ak sante mantal timoun, jèn yo ak adilt e li gen yon nimewo telefòn asistans 24 è sou 24 ki bay konsèy ak referans pou òganizasyon ki bay sèvis sosyal nan konte Onondaga, Oswego, Jefferson, Lewis ak St-Lawrence.



6. The Family and Children's Society (Binghamton, NY)

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan pifò nan lang yo
237 Main St., Binghamton, NY 13905

Telefòn: (607) 729-6206

<https://familycs.org/>

Li bay èd ki bon mache ak konsèy pou sante mantal, sèvis swen adomisil, tretman pou abi seksyèl, sèvis ki baze nan lekòl ak jesyon dosye.



7. Hopeprint, Inc. (Syracuse, NY)

Lang: Angle, entèpretasyon lè gen moun ki bezwen sèvis la
P.O. Box 11664, Syracuse, NY 13218

Telefòn: (315) 313-6667

<http://hopeprint.org/>

Li ede refijye apre yo fin relokalize atravè pwogram ospitalite, pwogram parennaj, koneksyon ak angajman komunitè. Li ofri pwogram pou elèv yo pandan ane eskolè a, ann ete, ak sipò konplè atravè pwogram parennaj pou fanmi.



8. Immigrant Refugee Youth Association of Onondaga County (Syracuse, NY)

Lang: Boutanè, Birman, Angle, Mayi Mayi, Nepalè, Somali, Swayili ak lòt lang ankò
706 N. Salina St. Ste. 201, Syracuse, NY 13208

Telefòn: (315) 664-6499

Yo ede imigran yo nan komunitè yo pou yo ka jwenn travay, yo ofri edikasyon pou aprann Angle, lojman, sèvis entèprèt, ak kowòdinasyon pou byennèt.



9. Interfaith Works of Central New York (Syracuse, NY)


Lang: Angle

1010 James St., Syracuse, NY 13203

Telefòn: (315) 449-3552

<https://www.interfaithworkscny.org/>

Li ofri sèvis relokalizasyon ak sèvis apre relokalizasyon pou refijye yo atravè pwogram Center for New Americans yo genyen an. Nan pwogram sa a, yo ale chèche moun lè yo rive ayewopò epi yo chèche mèb epi yo meble premye apatman yo, yo ede yo jwenn travay ak swen medikal, yo ofri fòmasyon nan lang ak sansibilizasyon kominotè.



10. Legal Services of Central New York (Broome, Cayuga, Chenango, Cortland, Delaware, Herkimer, Jefferson, Lewis, Madison, Oneida, Onondaga, Otsego, ak Oswego, NY)

Lang: Angle; sèvis entèpretasyon pou lòt lang yo

Telefòn: (877) 777-6152

<https://www.lscny.org/>

Yo bay moun sèvis legal gratis nan ka sivil, nan defans pou ka degèpisman, kondisyon kay, benefis pubblik, sekirite ekonomik, dwa konsomatè, defans nan edikasyon, dwa travayè, aksè pou facilite kominikasyon nan lang, imigrasyon, aksè nan swen sante, VIH/SIDA, sante mantal, sanzabri, devlopman ekonomik ak jistis rasyal.



11. Literacy Central New York (Syracuse, NY)

Lang: Angle

100 New St., Syracuse, NY 13202

Telefòn: (315) 471-1300

<https://www.literacycny.org/>

Li sipòte alfabetizasyon pou adilt atravè pwogram lesón patikilye endividyèl, gwooup English Speaking Practice (Pratik Pale Angle), ak ansèyman nan saldeklas pou ti gwooup moun.



12. Migrant Education Tutorial and Support Services Program (Cortland, NY)

Lang: Angle, Panyòl

Van Hoesen Hall, Cortland, NY 13045

Telefòn: (607) 753-4706

<http://www2.cortland.edu/community/outreach/migrant-education/>

Se yon pwogram ki fèt sou kanpis SUNY Cortland ki sipòte timoun migran yo atravè plizyè pwogram edikatif e li defann kòz yo nan distri lekòl kote yo ye. Epitou li bay fanmi yo enfòmasyon sou sèvis ajans lokal yo epi li aji kòm pwen lyezon.



13. Mohawk Valley Latino Association (Utica, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 309 Genesee St., Utica, NY 13501
 Telefòn: (315) 864-8419

<https://www.mvlautica.org/>

Yo bay referans pou konsèy legal sou kesyon imigrasyon, asistans ak sèvis ki ede jwenn travay, edikasyon, ak sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.



14. Mohawk Valley Resource Center for Refugees (Utica, NY)

Lang: Li ofri sèvis entèpretasyon nan plis pase 40 lang
 201 Bleecker St., Utica, NY 13501
 Telefòn: (315) 738-1083

<https://www.mvrccr.org/>

Li ofri sèvis pou refijye ki nan relokalizasyon, imigrasyon ak sitwayènte, entèpretasyon ak tradiksyon, seminè sou konpetans kiltirèl ak resous, kou Angle, met moun nan travay, ak lòt pwogram kominotè ankò.



15. New American Women's Empowerment (Syracuse, NY)

Lang: Arab, Birman, Angle, Kiswayili, Nepalè, Somali
 302 Burt St., Syracuse, NY 13202
 Telefòn: (315) 664-5392

<https://www.nawecny.org/>

Se yon òganizasyon kap chèche ankouraje famm ki se refijye atravè sèvis oryantasyon, entèpretasyon ak tradiksyon, kou Angle, fòmasyon pou travay, kou pou vin sitwayen Ameriken, lesон patikilye, pwogram edikasyon apre lekòl ak pwogram dete, ak kijan pou defann tèt yo.



16. The Newland Center for Adult Learning and Literacy (Syracuse, NY)

Lang: Angle
 1443 East Genesee St., Syracuse, NY 13210
 Telefòn: (315) 471-1446

<https://www.thenewlandcenter.org/>

Li ofri lesón patikilye gratis ke volontè bay nan lekti, preparasyon pou antre nan kolèj, GED, edikasyon finansyè, redaksyon (ekriti), revizyon rezime pwofesyonèl, konesans nan enfòmasyon ak kou Angle.



17. North Side Learning Center (Syracuse, NY)

Lang: Arab, Birman, Angle, Somali, Swayili

501 Park St., Syracuse, NY 13203

Telefòn: (315) 378-4825

<http://northsidelearning.org/>

Li ofri devlopman alfabetizasyon pou adilt ak jèn tout laj e ki soti nan tout milye atravè lesон patikilye ak kou nan domèn aptitud tankou kouti, alfabetizasyon finansyè ak dijital, preparasyon pou kolèj, foutbòl ak fotografi.



18. Partners in Learning (Syracuse, NY)

Lang: Angle, Panyòl

2363 James St. Suite 105, Syracuse, NY 13206

Telefòn: (315) 667-3011

<http://www.partnerscny.org/>

Li ofri sèvis edikasyon ak sèvis anplwa pou fanmi ki gen divès kilti e ki pale divès lang nan Syracuse ak Onondaga County. Pami sèvis yo gen kou alfabetizasyon ak konesans lengwistik nan Angle ak Panyòl, edikasyon enfòmatik ak devlopman nan travay, koneksyon entèkiltirèl, ak aprantisaj entèjenerasyonèl.



19. Refugee & Immigrant Self-Empowerment (Syracuse, NY)

Lang: Arab, Boutanè, Angle, Franse, Italyen, Lingala, Mayi Mayi, Nepalè, Somali, Swayili

302 Burt St., Syracuse, NY 13202

Telefòn: (315) 214-4480

<http://www.syracuserise.org/>

Li ofri pwogram pou refijye nan jeson dosye, travay, imigrasyon, kont devlopman endividyle, entèpretasyon, edikasyon paran, alfabetizasyon ak aktivite apre lekòl ak pwogram atizay.



20. Refugee Assistance Program (Syracuse, NY)

Lang: Angle, Franse, Nepalè, Ris, Somali, Panyòl

1728 South Ave., Syracuse, NY 13207

Telefòn: (315) 435-5801

<http://www.syracusecityschools.com/districtpage.cfm?pageid=4295>

Se yon pwogram Syracuse City School District (Distri Lekòl Vil Syracuse) administre. Pwogram nan asiste refijye nan edikasyon ak jwenn travay. Li ofri kou Angle, konsèy sou karyè, fòmasyon ak sèvis pou travay, ak lòt sèvis sipò ankò.



21. Rescue Mission of Utica (Utica, NY)

Lang: Angle
 293 Genesee St., Utica, NY 13501
 Telefòn: (315) 735-1645
<http://uticamission.org/>

Se yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi ki baze sou lafwa nan Mohawk Valley. Li desèvi moun kap eseye soti nan sityasyon sanzabri, sityasyon abi, adiksyon ak enfimite. Li ofri pwogram tankou yon sant estabilizasyon adiksyon, pwogram sèvis kominotè, abri dijans pou gason, sèvis manje, yon sant aprantisaj, fòmasyon pou travay ak lojman.



22. Tompkins County Immigrant Rights Coalition (Ithaca, NY)

Lang: Chinwa, Angle, Panyòl, Tayilandè
 Telefòn: (607) 277-8699
<http://www.tcimmigrants.com/>

Se yon gwoup ki òganize e ki defann dwa imigran, li bay enfòmasyon, resous ak fòmasyon pou lidè nan kominote yo, tou.



23. Toomey Residential and Community Services (Syracuse, NY)

Lang: Angle
 1654 W. Onondaga St., Syracuse, NY 13204
 Telefòn: (315) 424-1845
<http://www.toomeyresidential.org/>

Li bay sèvis swen ak sèvis sante ak pwogram pou timoun ak adilt ki gen andikap nan devlopman/andikap entelektyèl, timoun ki gen pwoblèm sante mantal. timoun ki pa ka rete lakay yo, timoun ki se refijye minè ki antre poukont yo. Epitou li ofri sèvis klinik.



24. Volunteer Lawyers Project of Onondaga County (Syracuse, NY)

Lang: Angle, Panyòl; yo gen entèprèt pou plizyè lang
 221 S. Warren St. Suite 200, Syracuse, NY 13202
 Telefòn: (315) 471-3409
<https://www.onvlp.org/>

Li bay enfòmasyon legal gratis, asistans ak reprezentasyon legal nan ka sivil pou moun ki gen revni ki ba. Se avoka ak elèv lekòl kap etidye dwa ki bay sèvis sa yo sou baz volontè.



25. Workers' Center of Central New York (Syracuse, NY)

Lang: Angle, Panyòl

2013 E. Genesee St., Syracuse, NY 13210

Telefòn: (315) 218-5708

<https://workerscny.org/en/home/>

Se yon òganizasyon ki defann dwa travayè ki touche salè ki ba, ki konsantre l sou òganizasyon moun kap travay nan fèm, sou vòl salè, sou sante ak sekirite nan travay, sou refòm imigrasyon ak sou kanpay Green Light (lisans chofè yo). Epitou li ofri resous ak fòmasyon ozalantou sanktyè ak Know Your Rights (Konn Dwa ou).



Resous Toupatou nan Eta a

Gid Resous pou Imigran nan Leta New York (**New York State Immigrant Resource Guide**)

<https://www.ny.gov/we-are-all-immigrants/new-york-state-immigrant-resource-guide>

Gid Resous pou Imigran nan Leta New York (The New York State Immigrant Resource Guide) ofri yon lis konplè ki gen ajans gouvènman leta yo ki ka bay sèvis nan domèn komunikasyon nan lang, krim ak diskriminasyon, sèvis legal, pwoteksyon konsomatè, sèvis sante, asistans finansyè ak angajman kominotè.

2-1-1 New York

<https://211nys.org/>

Rele 211 sou telefòn ou an pou sèvis enfòmasyon gratis, ki pa ijan ki konekte w ak sèvis sante ak sèvis yo bay moun. Gen operatè ki pale plizyè lang. Epitou ou ka jwenn enfòmasyon yo bay sou sèvis yo sou entènèt la.

Boards of Cooperative Educational Services (BOCES) of New York State

<https://www.boces.org/>

BOCES ofri pwogram ak sèvis edikasyon ki pataje bay pratikman tout distri lekòl yo, esepte "Big Five (Senk Pi Gwo yo)" (New York City, Buffalo, Rochester, Yonkers, ak Syracuse). Pami sèvis yo bay yo gen pwogram pou karyè ak pwogram teknik pou elèv lekòl segondè, sèvis pou elèv andikape, lekòl dete, ak pwogram alfabetizasyon ak fòmasyon pwofesyonèl pou travay pou adilt. Chèche biwo lokal BOCES la nan sitwèb ki make anwo a.

New York State Division of Human Rights (DHR)

<https://dhr.ny.gov/>

DHR ranfòse lwa sou Dwa Imen nan New York yo, ki entèdi diskriminasyon nan anplwa, lojman, kredi, kote ki gen akomodasyon piblik, ak enstitisyon edikatif ki pa fè pati yon sèkt, diskriminasyon ki baze sou laj, ras, orijin nasional, sèks, oryantasyon seksyèl, kondisyon marital, andikap, kondisyon militè ak lòt klas byen presi. Ou ka pote plent poutèt pratik diskriminatwa pou DHR envestige, nan sitwèb yo oswa nan (888) 392-3644.

New York State Office for New Americans (ONA)

<https://www.newamericans.ny.gov/>

ONA opere 27 **Sant Opòtinite (Opportunity Centers)** ki baze nan katye. Sant sa yo ofri plizyè sèvis gratis, ikonpri asistans legal, kou Angle-pou-Moun-ki-Pale-Lòt-lang (ESOL), asistans pou naturalizasyon, fòmasyon pou antreprenè ak sesyon enfòmasyon pou konn kijan pou jwenn sèvis leta bay yo. Lè w rele liy asistans **New York State New Americans Hotline** (1-800-566-7636), gen moun ki pale plizyè lang ki bay enfòmasyon gratis e konfidansyèl sou imigrasyon e ki bay rekòmandasyon tou pou moun jwenn asistans an tout konfyans nan plis pase 200 lang.

Office of Bilingual Education and World Languages (OBEWL)

<http://www.nysesd.gov/bilingual-ed>

OBEWL nan New York State Education Department bay konsèy ak resous pou Aprenan Lang Angle (ELL

yo)/Aprenan Plizyè Lang (MLL yo). Nan sitwèb la yo ofri règleman ak memorandòm ki ajou; epi yo ofri resous pou paran ak nimewo telefòn asistans pou fanmi elèv ELL/MLL nan lekòl New York yo.

Òganizasyon Kominotè Toupatou nan Eta a

American Immigration Lawyers Association – New York Chapter

<http://www.ailany.org/>

American Immigration Lawyers Association se yon asosyasyon avoka ki pratike e ki anseye dwa sou imigrasyon. Yo reprezante dè dizèn de milye biznis ak endistri Ozetazini, etidyan etranje, atis, atlèt, ak moun kap mande azil, souvan sou baz *pro bono (gratis)*.

Asian American Federation

<http://www.aafny.org/>

Asian American Federation reprezante ajans sèvis kominotè rezo pàn-Azyatik nan zòn Nòdès la. Yo travay nan domèn rechèch, defans règleman, konsyantizasyon piblik, ak devlopman òganizasyonèl nan domèn sante ak sèvis imen, edikasyon, devlopman ekonomik, patisipasyon sivik, ak jistik sosyal.

Empire Justice Center

<https://empirejustice.org/>

Empire Justice Center se yon òganizasyon ki toupatou nan eta a kap chèche ranfòse dwa legal moun ki nan New York ki pòv e ki pa gen dwa fondamantal. Yo bay fòmasyon, sipò ak asistans teknik pou sèvis legal, yo ofri moun asistans legal dirèk nan domèn sivil, epi yo angaje yo nan analiz règleman, rechèch ak defans.

Hispanic Federation

<https://hispanicfederation.org/>

Hispanic Federation se yon òganizasyon nasyonal ki gen manm ki enskri ladann e ki pa travay pou pwofi. Li travay nan domèn edikasyon, sante, imigrasyon, angajman sivik, emansipasyon ekonomik ak anviwònman an. Yo bay gwooup manm yo sèvis epi yo defann enterè Latino yo ak administre pwogram asistans kominotè ak sèvis sosyal dirèk.

Immigrant Defense Project

<https://www.immigrantdefenseproject.org/>

Immigrant Defense Project travay pou l asire egalite ak jistik pou imigran ki Ozetazini atravè fòmasyon ak konsèy, litij ki gen enpak, defans, angajman ak edikasyon kominotè, kominikasyon ak fè pase mesaj. Yo ofri resous pou kominote ak avoka yo, epi yo gen yon liy asistans telefonik espesyal pou bay moun konsèy legal gratis.

International Refugee Assistance Project (IRAP)

<https://refugeerights.org/>

International Refugee Assistance Project bay èd legal dirèk *pro bono (gratis)*, litij, ak defans pou refijye ak moun yo deplase, ansanm ak enfòmasyon ak resous pou popilasyon sa yo.

National Association for the Advancement of Colored People (NAACP)

<https://www.nysnaacp.org/>

NAACP travay pou l defann egalite sou plan politik, edikasyon, sosyal ak ekonomik pou tout sitwayen. Epi li travay pou yon sisyete kote tout moun gen menm dwa san diskriminasyon ki baze sou ras. Yo travay nan domèn angajman sivik, jistis kriminèl, edikasyon, sante ak estabilite ekonomik.

New York Civil Liberties Union (NYCLU)

<https://www.nyclu.org/>

New York Civil Liberties Union goumen pou libète sivil ak dwa sivil atravè yon pwogram litij plizyè nivo, defans, edikasyon piblik, ak òganizasyon komunitè. NYCLU gen wuit (8) biwo nan Leta New York epi l bay sèvis legal, enfòmasyon ak resous pou reyaji kòmsadwa parapò ak vyolasyon dwa sivil.

New York Immigrant Coalition (NYIC)

<https://www.nyic.org/>

New York Immigrant Coalition se yon òganizasyon ki mennen yon politik jeneral e ki defann dwa moun. Li reprezante plis pase 200 imigran ak gwoup ki defann dwa refijye toupatou nan New York. Yo pran angajman pou yo kontakte elektè ak fè mobilizasyon, yo ofri dokiman ki bay bon jan enfòmasyon nan plizyè lang sou kesyon ki konsène imigran, yo milite an favè lwa ak règleman, epi chak ane yo òganize sesyon enfòmasyon ak prezantasyon sou lwa imigrasyon ak lòt pwoblèm ki afekte imigran.

Parent-Child Home Program (PCHP)

<http://www.parent-child.org/>

Rezo ki chaje ak lokal pou pwogram Parent-Child Home Program bay fanmi ki pa gen anpil revni zouti ak konesans yo bezwen pou asire timoun yo atenn tout potansyèl yo nan lekòl ak nan lavi. Yo gen 29 lokal atravè New York ki angaje nan vizit adomisil, nan distribisyon resous edikatif, ak nan preparasyon akademik.

Protecting Immigrant New Yorkers (PINY)

<https://protectingimmigrants.org/>

Protecting Immigrant New Yorkers se yon gwoup moun kap travay sou sipèvizon New York Immigrant Coalition ki kowòdone ant ajans gouvènman ak òganizasyon komunitè yo pou konbat fwòd nan sèvis imigrasyon. Yo fè pwomosyon pou pratik imigrasyon egzanplè, yo ankouraje dyalòg, yo kowòdone aplikasyon lalwa kont moun kap fè fwòd, yo pibliye dokiman tankou kanpay piblisité sou konsantizasyon piblik, feyè "konn-dwa-w", ak konsèy pou konsomatè pa viktim moun kap fè fwòd.

Remèsiman

Nou ta renmen remèsyé patikilyèman tout moun ki te bay patisipasyon yo pou nou te ka kreye gid sa a. Metsouli, nou apresye asistans enstitisyon suivan yo te bay:

Advocates for Children



Education Trust NY



Hispanic Federation



New York Immigration Coalition



Regional Bilingual Resource Networks (RBERNs)

OFFICE OF BILINGUAL EDUCATION AND WORLD LANGUAGES
<http://www.p12.nysed.gov/biling/bilinged/> OBEWL@NYSED.GOV

